



Fich Enfòmasyon #9

RAD ak Demenajman

Antanke rezidan lojman piblik, ou gen dwa pou viv nan yon pwopriyete lwave asiste apre yon konvèsyon RAD. Nan sèten ka, ou ka bezwen demenaje tanporèman pandan reparasyon yo ap fèt, men ou gen dwa pou retounen nan yon inite asiste nan pwopriyete a yon fwa reyabilitasyon oswa konstriksyon an fini.



OU PA KA PÈDI ASISTANS POU LWAYE A AKOZ DE RAD.



Èske Mwen Pral Gen Pou m Kite Kay Mwen Akoz de RAD?

Pi fò konvèsyon RAD yo pa mande demenajman men nan sèten ka pou bezwen deplase pou yon ti tan pandan oswa apre konvèsyon RAD la pou reparasyon yo fèt. Si se sa, ou pral resevwa yon preavi, yo dwe lojman tanporè, epi ou gen dwa pou retounen nan pwopriyete lwave asiste a.

Ka Espesyal

Nan sèten ka, yon otorite lojman ka pwopoze pou deplase kite lojman sibvansyone a (asistans lwave a) pou ale nan yon pwopriyete differan pou yon lòt pwopriyete ka vin abòdab olye de sa kote ou tap viv la. Sa rele **transfè asistans**. Nan ka sa a, ou pral gen dwa a yon inite lwave asiste nan nouvo pwopriyete a yon fwa gen yon konstriksyon ki fini, byenke PHA ka ofri tou lòt opsyon lojman abòdab.



Èske mwen Ka Deplase pou Tout Tan?

Tout rezidan yo gen yon dwa garanti pou retounen nan pwopriyete RAD la. Yo pa ka deplase w pou tout tan kont volonte w.

Si otorite lojman piblik la (PHA) pwopoze yon plan pou pwopriyete a ki ta vle di ou pa ta ka retounennan pwopriyete a (senaryo sa a ra), yo dwe ba ou opòtinite pou fè kòmantè ak/ oswa objeksyon. Otorite lojman an ka ofri yon lòt opsyon lojman abòdab, men ou pa oblige aksepte youn nan lòt opsyon sa yo. Si ou fè objeksyon paske w vle retounen nan pwopriyete a, plan yo dwe chanje.

Pa egzanp, Madam Smith nan yon apatman 4 chanm a kouche, ki se gwo sè apwopriye pou mamm fanmi li yo. Otorite lojman li an pwopoze pou chanje apatman 4 chanm a kouche a an yon apatman 3 chanm a kouche epi li pa gen yon lòt apatman 4 chanm a kouche sou plas pou ofri Madam Smith. Madam Smith ka aksepte yon opsyon lojman abòdab ke yo ofri li oswa li ka fè objeksyon. Nan ka sa a, PHA dwe mete yon apatman 4 chanm disponib pou li nan pwopriyete a.



Si Mwen Dwe Demenaje, Kilè sa ta Rive?

Yon PHA pa ka kòmanse demenajman anvan HUD emèt yon "Angajman Konvèsyon RAD" (pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #3: Pwosesis Konvèsyon RAD la](#)) epi apre w fin resevwa yon avi ki fè w konnen ou pral bezwen demenaje. Avi a pral ba ou omwen yon preavi 30 jou, epi nan sèten ka, 90 jou, anvan ou ta bezwen demenaje. Ou ka chwazi demenaje pi bonè si yo ofri w opsyon an, men yo pa ka egzije w demenaje pi bonè.



Si Mwen Dwe Demenaje, Ki Kote m Prale?

Demenajman yo ka pran anpil fòm. Rezidan yo ka enstale nan pwopriyete a oswa yo ka enstale tanporèman deyò sit lanan yon lòt pwopriyete. Altènativman, yon rezidan ka chwazi aksepte yon òf pou viv tout tan yon lòt kote. Nan ka sa a, PHA ka pa egzije w viv yon lòt kote epi ou dwe bay konsantman w alekri ke ou aksepte yon lòt opsyon lojman.



Si Mwen Dwe Demenaje, Èske m Pral Resevwa Asistans pou Demenajman?

Nan tout ka yo, PHA dwe peye pou ogmantasyon rezonab depans lojman, asistans anbalaj ak demenajman, depans ki asosye ak transfè sèvis publik yo, ak depo ki asosye yo.

Si demenajman an ap dire plis pase yon ane, lè sa a ou pral gen yon chwa swa pou demenaje tanporèman epi konsève dwa w pou retounen nan pwopriyete a oswa mande yon demenajman pèmanan dapre Lwa sou Demenajmanlnifòm lan. Sa gen ladan asistans lojman ak sipò konsilatif pou jwenn nouvo lojman.

Moun ki gen andikap yo ta dwe resevwa tout depans demenajman adisyonèl, rezonab ki nesesè. Apatman aksesib, epi tout aranjman nesesè dwe bay pou moun ki gen andikap ki ap retounen nan pwopriyete renove a.



Èske gen yon Plan Demenajman? Ki Prensipal Etap yon Otorite LojmanDwe Swiv pou Planifye ak Prepare pou Demenajman?

Bon jan planifikasyon demenajman fèt pandan yon peryòd ki long, san blye avize byen alavans ke demenajman ka nesesè, epi answit kowòdone avèk rezidan yo sou detay yo ak opsyon yo.

- **Preavi :** PHA dwe fè w konnen atravè yon avi (Avi Enfòmasyon Jeneral) anvan Isoumèt aplikasyon RAD la ke l ap anvizaje yon plan reyabilitasyon ki ta ka mande demenajman rezidan yo. Avi sa a pral fè w konnen si gen nesesite pou demenajman ke w ap elijib pou li asistans P ap ko gen enfòmasyon espesifik epi p ap gen nesesite pou w poze okenn aksyon. Oumenm ak vwazen w yo ta dwe konsidere tout kesyon ak kòmantè ou genyen konsènan plan pwovizwa yo. (Pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #3: Pwosesis Konvèsyon RAD la](#))

Fich Enfòmasyon #9: RAD ak Demenajman

- **Angajman :** Nou ankouraje oumenm ak vwazen w poze kesyon epi asire w ke ou konprann dwa w yo ak pwosesis demenajman an. Apre HUD fin otorize pwopriyete a pou l patisipe nan RAD, PHA dwe gen lòt reyinyon avèk rezidan yo anvan konvèsyon an. Chak reyinyon rezidan se yon bon opòtinite pou poze kesyon ou ka genyen konsènan demenajman, byenke ou ka soumet kesyon yo bay PHA nènpòt moman nan pwosesis la. Ou pral resevwa avi separe epi gen chans pougen lòt diskisyon avèk PHA pou pale sou opsyon demenajman yo. (Pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman ak Konsiltasyon Rezidan](#))
- **Plan demenajman ekri :** PHA dwe toujou fè planifikasyon demenajman epi jeneralman kreye yon plan demenajman pou pwosesis demenajman an ka etabli epi kominike klèman. HUD egzise yon plan demenajman ekri si demenajman an pral dire plis pase 12 mwa oswa si sibvansyon lojman an pral transfere bay yon lòt pwopriyete.
- **Avi Renstalasyon :** Si plan konstriksyon kay ou a mande demenajman, ou pral resevwa yon "Avi Demenajman" ki pral ba ou yon kalandriye demenajman. Li dwe bay omwen 30 jou preavi pou demenajma k ap dire yon ane oswa mwens oswa omwen 90 jou pou demenajman k ap dire plis pase yon ane.
- **Kòmansman demenajman.** Demenajman pa ka kòmanse anvan HUD emèt yon "Angajman Konvèsyon RAD" kiapwouve plan konvèsyon PHA oswa PHA jwenn otorizasyon espesyal pou demenajman bonè.



Èske m ka Chwazi Demenaje pou Tout Tan?

Yon rezidan ka chwazi yon opsyon pou demenaje pou tout tan yon lòt kote. PHA dwe enfòme w sou dwa w pou retounen epi ba ou omwen 30 jou pou deside si w ap aksepte yon lòt opsyon lojman. Yon PHA pa ka itilize okenn taktik pou fè presyon sou ou pou w dakò demenaje pou tout tan. PHA dwe ba ou enfòmasyon sou dwa demenaje yo ak peman ou gen dwa ak yo, tout avantaj adisyonèl oswa peman ou ka resevwa si ou chwazi aksepte altènativ la, ak konsèy pou w ka pran yon desizyon eklere. Si PHA ofri w yon opsyon lojman altènatif, se ou ki pou chwazi si w ap demenaje pou tout tan oswa si w ap konsève dwa w pou retounen. Si ou dakò pou reloje pou tout tan, yo pral mande w siyen yon fòm konsantman ki deklare ke ou chwazi pa retounen nan pwopriyete a.

